

Penilaian Harian Basa Sunda

Nama :

BIASAKEUN NGUMBABH LEUNGEUN

Ngumbab leungeun di sabunan teh kacida pentingna pikeun nyinglar panyakit nu nerekab saperti infeksi saluran pernapasan “akut”, nu sok jadi deui, influenza, jeung diare. Tapi kasadaran jeung kanyaho barudak kana hal eta masih can biasa.

Kagiatan ngumbab leungeun ku sabun teh keur barudak mah kacida pentingna, kawas kolot-kolotna. Kitu nu ditetelekeun ku pejabat kasehatan. Cek pamanggihna, 25% panyakit diare kusabab toilet teu beresih. Sakaluarna ti jamban, kamar mandi, jalma-jalma teh tara ngumbab leungeun disabunan, nerekabna panyakit diare kacida gancangna.

Eta pejabat neteleukeun, aya lima waktu penting pikeun barudak ngalaksanakeun ngumbab leungeun disabunan teh samemeh sarapan, samemeh dahar, waktu peuting, jeung waktu ka luar toilet. Keur jalma dewasa samemeh dahar, sakaluarna ti toilet, saacan nyadiakeun dahareun, sanggeus ngaganti popok orok, jeung sanggeus nyekel ingon-ingon.

Ceuk eta Pejabat Kasehatan keneh, ngumbab leungeun disabunan teh hal nu kacida sederhana, tapi kacida pentingna. Biayana murah jeung deui bisa jadi kabiasaan masarakat. Salian ti eta muga-muga bae kabiasaan ngumbab leungeun disabunan teh lian ti dipilampah ku murid-murid sakola dasar, bisa diajarkeun ka murid TK jeung PAUD

JODOHKEUN PANANYA DI HANDAP IEU !

1. Ngumbab leungeun kacida pentingna, naha ?

Sabab biayana murah gampang dilakonan bisa dijadikeun kabiasaan

2. Saha nu kudu ngumbab leungeun di sabunan teh ?

Pikeun nyinglar panyakit

3. Iraha “lima waktu penting” ngumbab leungeun teh ?

Samemeh dahar, sakaluarna ti toilet, saacan nyadiakeun dahareun, sanggeus ngaganti popok orok, jeung sanggeus nyekel ingon-ingon

4. Naon sababna ngumbab leungeun disabunan kagiatan sederhana ?

Barudak jeung jalma dewasa

PILIH JAWABAN ANU NENERNA !

1. Puji sukur kasanggakeun ka Gusti Nu Mahaasih, anu parantos ... saniskara kani”matan ka urang sadaya dugi ka danget ieu.

- A. Masihan
- B. Dipasihan
- C. Masihkeun
- D. Dipasihkeun

2. Urang sadaya tiasa patepung lawung ... jonghok di ieu tempat dina raraga mieling “Poe Kasehatan Sadunya”

- A. Amprok
- B. Diamprokeun
- C. Paamprok
- D. Paamprokna

3. Teu hilap nu ku sim kuring ... Bapa Pupuhu Komite Sakola.Bapa Kapala Sakola,Bapa miwah Ibu Guru sadaya, katut rerancangan anu ku sim kuring dipihormat
 - A. Dipihormat
 - A. Hormatna
 - B. Dipikahormat
 - C. Hormateun
4. Ngadegna sim kuring di ieu tempat, bade ... minangka wawakil ti rerancangan "Usaha Kasehatan Sakola di SD Karang Asih.leu kagiatan the minangka mieling "Poe Kasehatan Sadunya"
 - A. Nyanggem
 - B. Sanggem
 - C. Nyanggemna
 - D. Sasanggem
5. Cik sim kuring bade tumaros naha penting henteu urang ... kasehatan ?
 - A. ngajaga
 - B. jaga
 - C. jagana
 - D, dijagana
6. Malah aya pamdegan anu netekakeun yen geuning kasehatan teh ...
 - A. hese dijagana
 - B. susah dijagana
 - C. mahal hargana
 - D. kamalan
7. Upami urang dugi ka ... mah,sok saga teu raos dituang,ngaleueut seuseut,tuang suda. Kitu deui bade kulem the ngaraos hese
 - A. Gering
 - B. Udur
 - C. Gering ripuh
 - D. Teu damang
8. Tah geuning kagambar,kasehatan the ... pisan dina kahirupan urang. Nu matak ti kawit danget ayeuna,urang kedah tiasa ngajaga kasehatan.
 - A. Kapentingan
 - B. Mentingkeun
 - C. Dipentingkeun
 - D. Penting
9. Seueur pisan anu ... kana kasehatan teh, nu pangcaketna sareng diri urang,nyaeta katuangan sareng ngaleueut.
 - A. Pangaruh
 - B. Pangaruhna
 - C. Dipangruhan
 - D. Mangaruhna
10. Dina ... katuangan, kedah apik. Teu kedah nu awis atanapi anu marewéh, nu penting mah tiasa nyumponan kanggo kabutuh urang.
 - A. Dipilihan
 - B. Kapilih
 - C. Milihan
 - D. Milih
11. Raksukan ulah kalotor,atuh upami ditambruken atanapi digantungkeun.
 - A. poekeun
 - B. keueuman
 - C. seuseuheun
 - D. jaitan

12. Atuh upami pareng ninggal cai kolomberan atanapi solokan ngeyembeng, enggal...
- A. tutupan
 - B. beresihkeun
 - C. sapukeun
 - D. garingkeun
13. Upami di bumi. Jandela ulah ditutupkeun bae, tapi kedah...
- A. dibukaan
 - B. dibuka-bukakeun
 - C. mukaan
 - D. dibukakeun
14. Lamun cai kolomberan diantepkeun ngeyembeng, urang bakal kaserang panyakit ...
- A. kulit
 - B. pernafasan
 - C. types jeung disentri
 - D. demam berdarah
15. Gampil geuning nya miara kasehatan teh,kantun urangna ngabiasakeun diri, dina...
- A. ngabersihan awak sorangan
 - B. ngajaga kasehatan
 - C. miara lingkungan sabudeureun
 - D. miara kabersihan imah